



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 5 MILYON DOLA POU ANTRETYEN AK PREPARASYON SANTYE MOTONÈJ TOUPATOU ATRAVÈ ETA NEW YORK LA

Gouvènè a Anonse Wikenn Motonèj Gratis soti 2 - 5 Fevriye; Enskripsyon Gratis pou Motonèj ki Soti Andeyò Eta a yo Pandan Wikenn Pwomosyonèl la

Pòt ak Santye Motonèj yo ap Ouvri nan Adirondacks, Tug Hill, North Country ak Toupatou Atravè Eta New York la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis pase 5 milyon dola pou antretyen ak preparasyon santye motonèj toupatou atravè Eta New York la yo epi li te deziyen wikenn 2-5 Fevriye a kòm wikenn pou tout motonejis Kanadyen ak sila ki soti andeyò eta a yo vin monte motonèj gratis. Yap egzonere frè anrejistremant pou antouzyas motonèj ki anrejistre ak asire komsadwa andeyò eta ki swete eksplòre 16,800 kilomèt santye motonèj nan Eta New York.

“New York gen kèk nan meyè santye pou aktivite motonèj nan peyi a epi l ap ofri vizitè k ap soti toupatou nan mond lan yo anpil posibilite enfini pou moun vin jwi sezon ivè a nan Rejyon Nò New York la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk finansman sa a, nou asire santye sa yo ap rete an bòn kondisyon pou jenerasyon fèvan anplennè k ap vini yo, epi mwen ankouraje vizitè k ap soti pre ak lwen yo pou yo vin pran avantaj de wikenn motonèj gratis la an Fevriye sa a.”

Gouvènè a te anonse 4 milyon dola jodi a pou antretyen santye motonèj pou kominote lokal nan New York yo, ki se yon ogmantasyon 15 pousan an konparezon ak ane pase. Sibvansyon santye yo sipòte 16,800 kilomèt santye yo deziyen pou motonejis yo jwi an tout sekirite toupatou atravè eta a. Se frè enskripsyon moto nèj Depatman Veyikil Motorize Eta (Department of Motor Vehicles, DMV) kolekte yo ki finansman pwogram sibvansyon lokal yo epi yo fè depo frè sa yo nan Fon Devlopman ak Antretyen Santye Motonèj la (Snowmobile Trail Development and Maintenance Fund). Gouvènman konte ak minisipal yo ap distribye sibvansyon an yo bay apeprè 230 klèb motonèj toupatou atravè eta a, epi yo pral responsab pou yo prepare ak antretni santye yo. Klikle [isit la](#) pou repatisyon prim sibvansyon yo te bay chak minisipalite.

Anplis de sa, Pak Eta yo te otorize plis pase 1.1 milyon dola nan sibvansyon federal Pwogram Santye Lwazi a yo (Recreation Trail Program, RTP) pou ede sèt klèb motonèj achte ekipman esansyèl pou yo antretni santye motonèj rejyonal yo. Finansman an ap soti nan Pwogram Santye Lwazi a, Administasyon Otowout Federal la (Federal Highway

Administration) te bay epi Pak Eta yo ap jere. Minisipalite yo, òganizasyon san bi likratif yo ajans eta ak federal yo, gouvènman tribi Endyen yo ak lòt ajans piblik yo ka aplike pou finansman pou acha, nouvo devlopman, renovasyon oswa antretyen santye piblik oswa etablisman ki gen rapò ak santye yo. Santye motonèj yo sitiye nan yon melanj tèren piblik ak prive epi yo ouvri pou itilizasyon piblik nan kad aktivite lwazi sa a. Klèb motonèj lokal yo se patnè ki enpòtan anpil nan efò pou kenbe sistèm santye motonèj eta a byen prepare pou moun ka wayaje sou li an tout sekirite.

Klèb motonèj sa yo pral resevwa sibvansyon RTP pou sipòte preparasyon santye nan kominote yo:

Benefisyè Sibvansyon yo	Konte	Deskripsyon	Total Sibvansyon
Redfield Snowmobile Association, Inc.	Konte Oswego	Achte nouvo ekipman pou prepare santye motonèj pou antretni 68 kilomèt koridò yo rekonèt kòm Koridò a "Fòt Akimilasyon Nèj" la ak lòt santye motonèj segondè ki sitiye nan vil Redfield la yo.	200,000 dola
Square Valley Trail Blazers, Inc.	Konte Oswego	Achte nouvo ekipman pou prepare plis pase 177 kilomèt sistèm Santye Motonèj (New York State Snowmobile Trail) Eta New York la.	185,000 dola
Nick Stoner Trailers of Caroga Lake, New York, Inc.	Konte Fulton	Achte ekipman pou preparasyon santye Class B a pou ede antretni apeprè 19 kilomèt santye moto nèj ki la deja.	106,815 dola
Ful-Mont Snow Travelers, Inc.	Konte Fulton	Achte nouvèl damez nèj ak pèl a cheval pou aktive Ful-Mont Snow Travelers pou ranplase ekipman ansyen k ap plede tonbe an pàn souvan yo.	143,604 dola
Indian Lake Snowwarriors Association Inc.	Konte Hamilton	Achte yon damez nèj yo konplètman renove pou antretni 12 kilomèt santye konektè yo itilize pou aktivite motonèj ak eski randone a.	83,821 dola
Long Pond Sno Sled Club, Inc.	Konte Herkimer ak Konte Lewis	Achte yon damez nèj pou santye motonèj la pou ranplase yon inite ansyen pou antretni santye Class A yo k ap resevwa anpil sikilasyon motonèj sou yo.	200,000 dola
Turin Ridge Riders, Inc.	Konte Lewis	Achte yon nouvèl damez nèj pou santye motonèj la pou ranplase ekipman ansyen yo.	200,000 dola

Gouvènè a te anonse yo pral dispanse frè pou aktivite motonèj yo pou Kanadyen ak motonejis ki soti andeyò eta a yo pandan wikenn pwomosyonèl 2-5 Fevriye a. Aktyèlman, motonejis Kanadyen ak sa yo ki andeyò eta gen obligasyon pou enskri motonèj yo avèk Eta New York avan yo franchi santye yo nan Eta, etann apati Hudson

Valley pou rive a North Country a Rejyon Lwès New York. Enskripsyon pou aktivite motonèj la koute 100 dola, men yo te redwi l a 45 dola pou sila yo ki te antre nan yon klèb motonèj lokal ki afilye ak Asosiyasyon Motonèj Eta New York la (New York State Snowmobile Association).

Moun ki vle patisipe nan wikenn aktivite motonèj gratis la dwe opere yon motonèj ki gen imatrikilasyon valid nan eta/Pwovens Kanadyen kote yo abite a epi yo dwe gen asirans ki aplikab konfòmman a lwa eta/provens kote yo abite a. Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj sou moto nèj, ki enkli enskripsyon sou entènèt pou tout moun an deyò eta a yo ki renmen monte moto nèj yo pandan peryòd ki pa pwomosyonèl yo, klike [isit la](#).

Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare, “Avèk sipò Gouvènè Cuomo, plis moun ap dekouvri deplizanpli konbyen New York gen pou l ofri fèvan lwazi anplennè sezon ivè yo. Pak Eta yo atann pou yo travay ak patnè nou yo pandan sezon sa a pou kenbe santye a an tout sekirite, byen prepare ak byen antretni pou rezidan ak vizitè k ap vin jwi anpil nan destinasyon ivè Eta nou an yo”.

Komisè DEC Basil Seggos te di, “Aktivite motonèj se yon aktivite lwazi anplennè ak yon motè ekonomik enpòtan pou kominote lokal yo, epi atravè lidèchip Gouvènè a nou ap ede kominote nou yo kapitalize sou gran aktivite sezon ivè sa a. DEC ap travay ansanm ak travayè ak volontè minisipal yo ki soti nan klèb motonèj lokal yo pou ouvri pòt yo, konplete antretyen santye a, epi prepare santye yo, tout ap prè pou sezon aktivite motonèj la”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Ian, Howard Zensky, te deklare, “Avèk plis pase 16,000 kilomèt santye motonèj yo, Eta New York la ofri yon eksperyans san parèy pou moun k ap monte motonèj yo. Jis yon rezon deplis pou moun planifye sejou yo pandan sezon ivè a pou yo vin wè tout sa Eta New York la gen pou l ofri”.

Terri Egan, kise Komisè Egzekitif Adjwen Depatman Veyikil Motorize a, te deklare, “Aktivite motonèj se yon bèl mwayen pou moun jwi New York pandan sezon ivè a. Nou ankouraje motosiklis yo pou yo pridan. Pa kondi yon moto nèj pandan ou nan yon kapasite afebli akòz dwòg oswa alkòl, epi mentni yon vitès sekirite a toutan”.

Dominic Jacangelo, ki se Direktè Egzekitif Asosiyasyon Motonèj Eta New York la, te di, “Nou apresye lefèt ke Gouvènè a rekonèt aktivite motonèj kòm yon eleman ki fè pati ekonomi touristik sezon ivè a ak djòb l ap sipòte yo. Klèb motonèj New York yo fè trè bèl travay pou yo antretni yon sistèm santye motonèj agreyab ki san danje, epi sipò sa a pral ede asire Rejyon Nò New York la rete yon destinasyon ekselan pou aktivite motonèj ak aktivite touristik pandan sezon ivè a. Nou konfyan sila yo ki vini yo pral retounen ankò e ankò pou yo vin jwi santye mèveye sa yo. Vizite www.nysnowmobiler.com pou w jwenn enfòmasyon sou klèb lokal yo ak enfòmasyon pou vizitè yo”.

Lejislatè Konte Herkimer a, Patrick Russell te di, “Eta New York la se yon destinasyon ki gen kalib mondyal pou aktivite sezon ivè yo epi lè nou dispanse frè pou moun k ap soti andeyò eta a ak Kanadyen yo pandan wikenn 2 Fevriye a, nou ap ka atire menm plis vizitè ankò pou vini nan eta nou an. Mwen remèsye Gouvènè a paske l kontinye pran angajman anvè bèl espas anplennè New York la yo”.

Sipèvizè Vil Webb la, Robert Moore te di, “Aktivite motonèj se yon espò popilè nan New York, k ap atire vizitè k ap soti nan eta nou an ak pi lwen ankò pou vin eksplòre santye nou yo epi vin jwi peyizaj la. Mwen fyè nou mete ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou dispanse frè yo pou motonejis ki soti andeyò eta yo ak Kanadyen yo pou nou atire plis fèvan espò sezon ivè yo vini nan eta nou an”.

Sipèvizè Vil Inlet la, John Frey te di, “Aktivite sezon ivè yo se yon trè gran motè pou touris nan rejyon North Country a epi lè nou dispanse frè yo pou aktivite motonèj yo pandan wikenn 2 Fevriye a, nou ap atire plis vizitè k ap soti andeyò eta nou an pou yo vin jwi tout sa rejyon nou an gen pou l ofri. Mwen kontan pou nou fè patenarya ak Gouvènè Cuomo pou nou ofri opòtinite pou motonejis ki soti andeyò eta a yo ak vizitè ki soti Kanada yo vin monte motonèj gratis”.

Tout sistèm santye a yo ouvri epi yo klasifye kondisyon santye a ant bon ak ekselan. Toutfwa, kèk seksyon espesifik nan santye a gendwa gen mwens nèj ak bagay van ka voye oswa ka gen lòt obstak ankò sou santye yo. Tchetke sitwèb klèb motonèj ki nan zòn ou yo pou w ka jwenn enfòmasyon sou kondisyon santye yo, ki gen ladan estati preparasyon yo. Anplis de sa a, [sitwèb](#) Asosiyasyon Motonèj Eta New York la gen enfòmasyon sou aktivite motonèj ak klèb motonèj yo. Kat jewografik rezo santye motonèj eta a disponib sou sitwèb Pak Eta New York la [isit la](#).

Gen plizyè santye ki fè pati tèren Sèvitid Konsèvasyon (Conservation Easement) nan Adirondacks la yo te fèmen oswa yo chanje pakou yo pou evite eksplwatasyon forestyè. Tcheke [sitwèb](#) Enfòmasyon sou Tèren Sovaj Adirondack DEC la ak sitwèb klèb motonèj nan zòn ou an pou w jwenn enfòmasyon sou fèmti ak chanjman pakou santye yo.

Kominote motonèj eta a gen yon enpak ekonomik sezonye 868 milyon dola, dapre yon etid Inivèsite Eta nan Potsdam lan (State University at Potsdam) te fè an 2011. Eta New York la sipòte aktivite motonèj yo avèk yon sistèm santye Motonèj ki pase Toupatou Atravè Eta a ki travèse 45 konte, ki gen plis pase 200 klèb k ap antretni l, epi ki resevwa finansman nan men 51 esponsò minisipal. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou aktivite motonèj yo, [vizite parks.ny.gov](#). Vizite sitwèb DEC a [isit la](#) pou w jwenn plis enfòmasyon sou aktivite motonèj sou tè eta a yo.

Vwayaj ivènal yo responsab pou 21 pousan nan touris total New York, sa ki ap konte pou 13.6 milya dola nan depans dirèk vizitè yo an 2016. W'ap jwenn plis enfòmasyon sou touris ivènal nan Eta New York ki disponib nan www.iloveny.com/winter ak sou aplikasyon mobil gratis I LOVE NEW YORK, ki disponib pou telechaje sou iTunes ak nan magazen aplikasyon Google Play yo oswa nan www.iloveny.com/mobile.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418